WIRIJO, SOEDJANA
BAB PAGAWEJANE WONG WADON.

BAB

PAGAWÉJANÉ WONG WADON

DOOR

SOEDJÅNÅ-WIRIJO,

MANTRI GOEROE DER 2e KLASSE SCHOOL TE PRÉGOLAN

(SOERABAJA).

TJAP-TJAPAN KANG KAPINDO.

Kaetjap ing pangetjapané Kangdjeng Gouvernement
ing nagårå Batawi, tahoen
1909.





JAVAANSCHE VROUW AAN HET WEEFTOESTEL VAN AMPEL SOERABAJA.

NENOEN.

Saroepaning bakal sanḍangan kang koanggo ikoe wiwitané koedoe ditenoen ḍisiq. Ing djaman saiki ing tanah Djåwå kéné arang-arang wong kang nglegoetaqaké nenoen. Bédå karo djaman bijèn, mèh angger wong wadon bisā nenoen, mandar dadi pangoepå-djiwané. Moelané djaman saiki arang wong nenoen, sabab kentèl, jå ikoe bakal kang ditenoen wong djåwå, ora pati pajoe, kalah karo mori weton nagårå Walåndå, Djepang, Tjinå oetåwå såkå tanah sabrang lijané. Pådå-pådå mori, kang kaleboe laris ḍéwé, mori weton nagårå Walåndå, sabab moerah regané, toer betjiq ḍasaré. Déné kentèl ikoe woedjoedé kasar, nanging awèt kanggoné. Ing tanah Djåwå tengah isih akèh wong kang nganggoqaké kentèl maoe, jå ikoe digawé klambi oetåwå djarit, djenengé loeriq. Loeriq ikoe larang regané.

Kang ditenoen wong Djåwå ikoe lawé. Lawé ikoe sangkané såkå kapoeq kapas. Kapas bisané dadi lawé, koedoe digiling ḍisiq sarånå gilingan kapas, soepåjå pisahå karo woekoené, noeli diwoesoni. Sawoesé poetih, bandjoer diantih nganggo djåntrå.

Bab anggiling kapas, moesoni, ngantih lan nenoen ikoe kabèh pagawéjané wong wadon, wong lanang ora gepoqan pisan-pisan. Moenggoeh pagawéjan ing ḍoewoer maoe, pirantiné kabèh gegawéané wong Djåwå, wewangoenan sartå woedjoedé waḍag oetåwå wagoe banget. Déné pirantiné wong nenoen rådå rowå sawatårå.

Ing gambar ḍoewoer iki ånå gambaré djoeroe-tenoen w
don panoedjoe nenoen.

Kang ånå ngarepé ikoe piranti tenoenan, kang wis ditå
miranti. Djoeroe tenoen ikoe kåjå-kåjå loenggoeh ing ḍingkli
Kang loemrah wong nenoen ikoe ora loenggoeh ing ḍoewoer
nanging moeng slondjor ånå ing lemah alèmèq klåså oetåw
lampit, terkaḍang nganggo kasoeran. Déné pirantiné ora pa
rowå sartå ora betjiq kåjå ing gambar iki.

Kang ditenoen ing gambar iki wangoené doedoe law
gawéjan Djåwå, nanging bolah soetrå, katårå seraté aloe
Soetrå tenoenan ikoe loemrahé gaḍangan dibaṭiq digawé sa
roeng oetåwå djarit paméran, kåjåtå: kanggo botjah teta
oetåwå pengantèn. Saroeng oetåwå djarit kang mangkono
maoe kekembangané soq diprådå, moelané regané nganti tekan
satoes roepijah oetåwå loewih.

Pirantiné wong nenoen ikoe warnå-warnå, kåjåtå: pantjadan,
tjatjaq, gebeg, gonḍong, djeḍoel, glègèn, walirå, soeri, soepit,
por, lorogan, soembi, kéréqan, tropong, oedå-oedå, tampar,
sikat, oendar oetåwå ingan lan ånå lijané manèh.

Senadyan akèh warnané piranti tenoenan ikoe, éwa déné
kang nglakoqaké tjoekoep wong wadon sidji baé, swarané
kroengoe såkå kadohan, terkaḍang kroengoe mangkéné: drèg,
drèg, slèrèg, ṭèr. Piranti kang moeni mangkono ikoe dje-
nengé walirå, kang disentég, noeli disoeroeng; saben sasen-
tégan, walirå ikoe disoeroeng mengiwå oetåwå menengen,
nibani lorogan pring oetåwå kajoe kang woedjoedé kåjå
kenṭongan. Ing tjeṭiqé wong ikoe dipasangi piranti kajoe, dje-
nengé por, diwangoen kåjå tjekaṭaqan oetåwå ganḍéwå, dita-
lèni kiwå tengen diolèhaké soepit, kenåhå dianggo sènḍèn
ngiras ngentjengaké lawé, kang bakal ditenoen. Wong maoe
njekeli tropong, kang ginawé woeloeh; ing djero isi lawé,
kanggo pakan tenoenan. Saben njentég walirå sapisan, tro-
pongé disloboqaké mengiwå oetåwå menengen.

Moenggoeh lawasé wong nenoen djarit soetrå ikoe watårå
rong poeloeh dinå, déné kentèl oetåwå setagèn loewih gelis.

léndang teloeh-watoe ikoe oegå soetrå-tenoenan, warnané iroe nganggo soelaman benangmas. Ḍèq djaman bijèn. léndang teloeh-watoe maoe kanggo paméran, sabab betjiq oepané sartå awèt kanggoné. Terkaḍang ånå wong tjelaṭoe nangkéné: „Sléndangkoe teloeh-watoe iki tinggalané ninikoe bijèn". Temboeng mangkono ikoe nélaqaké awèté sléndang teloeh-watoe maoe, nganti biså temoeroen menjang anaq poetoe.

Saroepané bakal sanḍangan kang asalé såkå nagårå Walåndå oetåwå tanah Éropah ora ditenoen kåjå tjårå-tjarané ing tanah Djåwå kéné, nanging digiling nganggo mesin ånå ing pabriq-pabriq tenoenan. Kang digiling maoe ora ngemoengaké kapas baé, terkaḍang kapoeq, woeloe, serating, gegoḍongan oetåwå serating babaqan kajoe. Ikoe kabèh biså dadi bakal sanḍangan.

Soetrå ikoe kang digawé lamat kang diasilaké déning oeler soetrå; sangkelat oetåwå laken såkå woeloening weḍoes kang aloes, déné kang kasar bisä dadi baboet.



PALEMBANGSCHE BORDUURSTERS.

NJOELAM OETÅWÅ AMBLOEDIR.

Moenggoeh njoelam ikoe pagawéjan aloes. Barang soelaman ikoe pantjèn bagoes roepané, moelané ijå larang regané. Pårå wong soegih lan anaq-anaqé akèh kang ḍemen nganggo sanḍangan soelaman oetåwå bloediran. Sanḍangan maoe kåjå-to: kopijah lan tjripoené kadji oetåwå botjah-botjah, tjenélané wong wadon, klambi geḍé kanggo pårå prijaji oetåwå pengantèn. Apå manèh klambiné pengantèn Tjinå oetåwå klambi geḍé sing dianggo kapitan Tjinå, ikoe prasasat dibloedir kabèh. Saibå larangé!

Kang påḍå njoelam ikoe loemrahé wong wadon; pårå njonjah-njonjah akèh kang wasis njoelam oetåwå ambloedir. Botjah-botjah lanang oegå akèh kang biså njoelam oetåwå njongkèt, nanging njongkèt saboq sajèt nganggo ḍasar setrimin.

Bakalé soelaman ikoe bolah. bolah soetrå lan benangmas, déné ḍasaré mori, soetrå, sangkelat, bloedroe lan liijå-lijané.

Ing ḍoewoer iki ånå gambaré wong njoelam.

Kang njoelam ikoe wong wadon loro, kang sidji isih prawan. Olèh-olèhané njoelam påḍå kabèbèr ing eraq, roepå néngsi, bạkal sléndang lan bakal mekenå. Kang ånå ngarepé wong wadon lan prawan ikoe telenan, djenengé miḍangan, wangoené pesagi. Kang katon poetih dipentèng ing miḍangan ikoe soetrå poetih, kang bakal disoelam nganggo bolah soetrå. Kang ditjekel wong wadon ikoe dom kang wis dioelar-oelari bolah, disoendepaké karo tangané tengen, ditampani tangan kiwå. Mangkono sabandjoeré bola-bali.

Moenggoeh ḍapoeré soelaman ikoe warnå-warnå, ånå kang aḍapoer gegoḍongan, loeng-loengan, elar-elaran, oekel manoeq-

manoeqan lan sapanoenggalané. Wong njoelam ikoe koed nganggo polå, nanging wong kang woes wasis, moeng ang tan bahé.

Akèh barang soelaman lan bloediran benangmas, kang did sarakė ing toko-toko, wangoené kåjå soelaman emas toelè nanging sanjatané akèh kang nganggo benangmas tiron. Mo lané ora koerang-koerang wong kang kebloesoeq menjan barang tiron. Jèn wong soemedyå toekoe soelaman oetåw bloediran kang toelèn, loewih betjiq weling menjang toekan bloedir ḍéwé, soepåjå ådjå nganti kedoewoeng ing boeri.

Akèh pårå njonjah bongså Walåndå kang ngedegaké pamoe langan, kanggo moelang njoelam lan ambloedir, sartå akè nonah-nonah kang påḍå sinaoe ing kono. Ora ngemoengak njoelam lan ambloedir babé, dalah ambeḍahi klambi, andodom nganam, ngréndå lan sapanoenggalané ijå diwoelang. Botjah wadon anaqé wong Djåwå oegå ånå kang mèloe sinaoe nanging moeng sawatårå, karo ora toetoeg, moelané kongsi sapréné doeroeng ånå wong wadon bongså Djåwå, kang ngedegaké pamoelangan mangkono ikoe.





PALEMBANGSCHE KANTWERKSTER
JAVAANSCHE KANTWERKSTER.

NGRÉNDÅ OETÅWÅ NGRANṬIL.

Ing toko-toko ikoe enggon barang-barang; réndå tjå akèh, isih pâḍå dadi goeloengan; warnané roepå-roepå, sartå ånå kang ombå, ånå kang tjijoet. Kang digawé ånå kang såkå bolah aloes, ånå kang bolah soetrå, ånå manèh kang såkå benangmas. Woedjoed lan wewagoenané betjiq-betjiq.

Réndå ikoe goenané digawé ngrenggani pirantining omah, kåjåtå: digawé mlipit plisiring klamboe petoeron, klamboe djanḍélå, klamboe lawang, tilam petoeron oetåwå taplaq bangkoe, lèmèq lemari, médjå lan sapanoenggalané.

Réndå sing kanggo ngrenggå ing ḍoewoer maoe réndå bolah; déné tepènning klambi, slénḍang lan mekenå soq kerep diplipiti réndå, nanging réndå soetrå oetåwå benangmas. Sakabèhé barang kang dipinggiri réndå, ikoe woewoeh asri lan betjiq roepané.

Moenggoeh penggawéné réndå ikoe ngremit banget, mèh pâḍå karo ambloedir. Ing ḍoewoer iki ånå gambaré botjah lan wong wadon lagi ngréndå. Pangréndané kang sidji manoet tjårå Palémbang, jå ikoe nganggo diwènèhi kranṭil pirang-pirang; sidjiné tjårå Djåwå, kranṭilé moeng papat. Kasoeran kang ånå ngarepé wong wadon ikoe diarani papanpangréndan.

Botjah wadon ikoe tangané kang tengen njekel kranṭil, déné tangané kiwå njekel dom pirang-pirang. Dom maoe pâḍå ditjoeblesaké ing bantalan ngolah-ngalih, manoet wewangoenané réndå kang digarap. Kang woes rampoeng, pâḍå didokoqaké ing sisih tengené. Katon aloes banget garapané.

Wong wadon ikoe tanganè kang tengen molahakè kran kang kiwå nåtå dom, manoet wangoenè réndå oetåwå te kang digarap. Kang woes rampoeng, pådå diḍasarakè ngarepé. Tepèn maoe tjijoet, kang digawé kåjå-kåjå b nangmas.

Ing koetå Soeråbåjå wis akèh wong Djåwå kang bi njoelam réndå oetåwå nepèni sarånå kranṭil, asilé diweto akè menjang toko-toko. Réndå sagoeloeng kang loemrah d wanè 12 ello, reganè ånå kang *f* 0.75 nganti *f* 1.50; tep kang såkå benangmas sagoeloeng ånå regå *f* 0.80 ngan *f* 1.20; déné kang såkå benangmas toelèn loewih laran manèh.

Sarèhning réndan lan tepèn ikoe seṭiṭik kanggonè, da penggaotan bab ngréndå sartå nepi ikoe toemrapè nagå Soeråbåjå ora pati dadi kaoentoenganè wong ing kono.
